

## BAB III


### METODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar metodologi panalungtikan ngawengku: desain panalungtikan, metode panalungtikan, téhnik panalungtikan, léngkah-léngkah panalungtikan, sumber data, jeung instrumén panalungtikan.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekan, jeung (10) nyusun laporan (Arikunto, 2006:22-23).

Desain panalungtikan anu dilakukeun ku panalungtik didasaran ku léngkah-léngkah panalungtikan anu geus ditétélakeun ku Arikunto di luhur. Desain panalungtikan dibagankeun saperti dina ieu tabél di handap



**Tabél 3.1 Désain Panalungtikan**

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

## **3.2 Metode jeung Téhnik Panalungtikan**

### **3.2.1 Metode Panalungtikan**

Métode anu digunakeun ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Ieu metode digunakeun pikeun ngadeskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat sacara faktual, sistematis tur akurat (Suyatna, 2002:14). Métode déskriptif mangrupa akumulasi data dasar dina wangun déskriptif, teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan, sarta teu meunangkeun implikasi.

Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta jeung sipat-sipat campur kode dina siaran Tarsan I-Radio Bandung utamana wanda jeung wujud campur kode anu bisa dijadikeun bahan ajar ngaregepkeun di SMP. Ngaliwatan ieu métode, panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

### **3.2.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### **3.2.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik dokuméntasi, sadap rékam, jeung transkripsi. Téhnik dokuméntasi pikeun ngumpulkeun data anu aya dina paguneman siaran radio anu ngalaman prosés campur kode kana basa Indonesia. Téhnik sadap rékam digunakeun pikeun Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun data kalayan ngarékam paguneman dina siaran radio. Transkripsi digunakeun pikeun mindahkeun data tina wangun rékaman kana wangun tinulis.

Léngkah-léngkah dina tahap ngumpulkeun data, nya éta:

- a. telaah pustaka pikeun pamahaman awal kana masalah anu ditalungtik;
- b. ngarékam siaran Tarsan anu dipidangkeun dina I-Radio 105,1 FM Bandung;
- c. hasil rékaman dijieun transkrip pikeun mindahkeun data kana wangun tinulis.

### 3.2.2.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun tangtuna kudu diolah pikeun didékripsikeun, anu engkéna dijieun kacindekan ngeunaan data panalungtikan. Data anu geus dikumpulkeun diolah ngaliwatan sababaraha léngkah nya éta:

#### 1) Data wanda campur kode jeung wujud campur kode

Pikeun ngolah ieu data, aya sababaraha léngkah nya éta:

- a. Ngarékam siaran radio nu dimaksud;
- b. Hasil rékaman dijieun transkrip pikeun mindahkeun hasil data rékaman kana wangun tinulis;
- c. Hasil transkrip dianalisis tur diklasifikasikeun dumasar kana wujud jeung wanda campur kode;

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

- d. Hasil analisis ditulis dina kartu data, unggal Campur Kode dibéré tanda nu tangtu;
- e. Kartu data disusun dina tabél; jeung
- f. Nyieun kacindekan tina data anu geus dioalah dina wangun perséntase.

Rumus nu dipakéna nya éta:

$$\text{Frékuénsi campur kode} = \frac{n \text{ECK}}{n\text{CK}} \times 100 \%$$

Katerangan:

$n \text{ECK}$  = jumlah CK dina transkrip rékaman siaran Tarsan

$n\text{CK}$  = jumlah total CK dina sakabéh transkrip rékaman siaran Tarsan

### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data mangrupa subjék anu bisa dipaké pikeun meunangkeun data. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil transkrip tina rékaman siaran Tarsan i-Radio Bandung bulan Maret 2012.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén nya éta pakakas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Instrumén anu bisa dipaké dina ieu panalungtikan aya dua rupa nya éta alat rékam jeung kartu data. Alat rékam dipaké pikeun meunangkeun data nu mangrupa omongan langsung panumbu catur dina éta siaran radio. Kartu data dipaké pikeun

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

nganalisis sakabéh data nu geus dikumpulkeun. Ieu di handap aya conto instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan:

- a. Alat rékam nya éta alat nu dipaké pikeun ngarékam paguneman nu aya dina siaran radio. Alat rékam ngawujud dina *handphone*, nu satuluyna hasil rékaman dipindahkeun kana CD pikeun dokuméntasi panalungtikan.
- b. Kartu data. Kartu data digunakeun pikeun kalancaran klasifikasi jeung déskripsi data. Dina kartu data aya nomer data, période, rékaman, baris, prosés campur kode, jeung conto kalimahna.

Nomer/Kode Data	:
Période Siaran	:
Rékaman ka-	:
Baris ka-	:
Prosés Campur Kode	:
Conto Kalimahna	:

**Tabél 3.2 Conto Kartu Data**